Anrejistreman Nouvo Pasyan

Biwo		Dat	
Siyati	Non		Ti Non Jwèt
Dat Nesans	Sèks	Nimewo Sekirite Social (Social Security Number, SSN)	Adrès
Apatman/Suit	Vil	Eta	Telefòn Lakay
Imèl		Telefòn Pòtab	
Doktè		Founisè Referans lan	
Anplwayè	Telefòn Travay la		Eta Sivil
Èske madanm ou oswa mari ou ap travay oswa li pran retrèt?	Non Mari/Madanm		Dat Nesans Mari/Madanm
SSN Madanm/Mari	Nimewo telefòn Madanm/Mari	Lòt adrès	
Apatman/Suit	Vil	Eta	Kòd postal

Enfòmasyon sou Asirans

Prensipal	Nimewo idantifikasyon plan an	Nimewo Gwoup la
Nimewo Telefòn	Moun ki Gen Asirans lan	Dat Nesans Moun ki Gen Asirans lan
Segondè	Nimewo idantifikasyon plan an	Nimewo Gwoup la
Nimewo Telefòn	Moun ki Gen Asirans lan	Dat Nesans Moun ki Gen Asirans lan
Garan	Relasyon ak Garan	

Enfòmasyon sou Moun pou Kontakte si genyen yon ijans

Non	Nimewo Telefòn	Relasyon w ak moun nan		
Adrès	Apatman/Suit	Vil	Eta	Kòd postal

Èske w ap dòmi lopital kounye a, oswa èske w nan yon sant kote yo bay swen espesyal tankou yon mezon retrèt oswa yon kote yo pran swen moun ki nan dènye jou yo?

◯ Wi ◯ Non Si wi, tanpri ranpli sa ki vin apre a:

Non Etablisman	Nimewo Telefòn			
Adrès	Apatman/Suit	Vil	Eta	Kòd postal

Èske ou ap resevwa benefis nan men Administrasyon Veteran yo?

◯ Wi ◯ Non Si wi, tanpri ranpli sa ki vin apre a:

Non Administrasyon Veteran	Nimewo Telefòn			
Adrès	Apatman/Suit	Vil	Eta	Kòd postal

Sèks ou te fèt avèk li (Chwazi 1)

- ◯ Gason
- ◯ Fi
- ◯ Entèsèks
- ◯ Mwen pa vle reponn

Idantite Seksyèl

- ◯ Gason
- ◯ Fi
- ◯ Ni Fi Ni Gason
- ◯ Mwen pa vle reponn
- ◯ Gason trans
- ◯ Fi trans
- ◯ Lòt

Ki nan bagay sa yo ki pi byen dekri ras ou ak/oswa orijin etnik ou? (Chwazi tout sa ki aplikab yo)

- ◯ Azyatik
- ◯ Kokazyen
- ◯ Nwa/Afro Ameriken
- ◯ Mwayen Oryan / Nò Afriken
- ◯ Ispanik
- ◯ Natif Natal Awayi/Moun zile Pasifik
- ◯ Amerendyen/Moun Alaska Natifnatal
- ◯ Mwen prefere pa reponn

Nan ki lang ou santi w pi alèz pou pale sou zafè sante w?

- ◯ Anglè
- ◯ Panyòl
- ◯ Alman
- ◯ Fransè
- ◯ Italyen
- ◯ Ris
- ◯ Pòtigè
- ◯ Chinwa
- ◯ Kreyòl
- ◯ Lòt
- ◯ Refize

Antesedan Sosyal

Èske w poko janm fimen? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, konbyen pake pa jou | Depi konbyen ane

Èske ou te kite fimen? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, Ki ane?

Èske w janm moulen tabak? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, konbyen?

Èske w sispann moulen tabak? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, lè?

Èske w janm patisipe nan yon klas ki fèt pou ede moun kite fimen tabak? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, lè?

Ou bwè alkòl? ◯ Wi ◯ Non | Si se wi, ki kantite epi chak ki lè?

Èske w sispann bwè? ◯ Wi ◯ Non | Si se wi, nan ki ane ou te sispann?

Èske w konn pran dwòg? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, kilès? ◯ Marigwana ◯ Kokayin ◯ Metanfetamin | Lòt

Èske w gen yon kat marigwana medikal? ◯ Wi ◯ Non

Èske w bezwen èd nan youn nan bagay sa yo: jwenn sipò moral, èd pou zafè lajan, konsèy sou sa pou w manje, asistans sosyal, transpò pou w deplase, oswa moun pou ede w anndan lakay ou? ◯ Wi ◯ Non

Eta Sivil: ◯ Selibatè ◯ Marye ◯ Plase ◯ Separe ◯ Divòse ◯ Vèf/Vèv

Èske ou gen moun ou ka konte sou yo bò kote w? ◯ Wi ◯ Non | Si wi, ki moun?

Èske w gen yon relijyon oswa yon kwayans ou ta renmen nou konnen? ◯ Wi ◯ Non

Si se wi, eksplike

Èske w toujou ap travay? Wi Non Si se wi, Aplentan Atanpasyèl

Si se non, Mwen nan retrèt Dezaktive Chomè

Ki prensipal travay ou fè kounye a, oswa ki travay ou te konn fè anvan?

Èske w janm travay yon kote ki ekspoze w ak amyant, pwodui ki bay kansè, pwodui chimik danjere, oswa lafimen toksik? Wi Non

Èske ou poko janm sèvi nan lame? Wi Non Si wi, nan ki branch nan lame a?

Evalyasyon sou fason w mache ak risk pou w tonbe

Èske w bezwen èd pou w mache? Wi Non

Si wi, èske w sèvi ak youn nan bagay sa yo? Baton Aparèy pou ede moun mache Chèz woulant

Èske w te janm tonbe deja, oswa èske w te blese nan yon tonbe ou te fè? Wi Non

Èske ou gen blese nan pye ou, zo ki fè boul, dwèt pye ki koube, oswa po ki vin di ki fè ou mal oswa ki fè ou chanje fason ou mache? Wi Non

Èske w santi pye w pa fèm (ou manke ekilib), oswa èske w ap trennen pye w lè w ap mache? Wi Non

Èske tèt ou vire w, oswa je w wè nwa lè w leve kanpe? Wi Non

Konbyen fwa ou tonbe atè pandan 12 dènye mwa ki sot pase yo?

Èske ou blese?

Nou poze tout pasyan nou yo kesyon pou tcheke si y ap sibi vyolans oswa abi lakay yo.

Èske gen yon moun lakay ou ki konn bat ou, fè w mal, oswa fè w menas? Wi Non Si se wi, eksplike

Antesedan Jewografik ak Sosyal

Nan ki Eta (oswa nan ki peyi) ou te fèt?

Ki kote w te rete pandan pifò tan nan lavi w?

Depi konbyen tan w ap viv nan Eta kote w rete kounye a?

Èske w ap viv nan eta sa a pandan tout ane a nèt? Wi Non

Si repons lan se non, nan ki lòt adrès ak nimewo telefòn nou ka jwenn ou?

Alèji

Èske ou fè alèji ak kawoutchou? Wi Non Si se wi, ki reyaksyon

Èske w gen alèji ak pwodwi yo mete nan venn pou fè egzamen an (IV contrast)? Wi Non Si se wi, ki reyaksyon

Èske w fè alèji ak nenpòt medikaman? Wi Non

Si se wi, endike tout

Èske ou gen lòt alèji (medikaman, manje, tep, elatriye)?

Medikaman Aktyèl yo

Medikaman	Dòz	Kantite Fwa	Fason pou Pran Li	Doktè ki bay preskripsyon an

Non Famasi a

Telefòn Famasi a

Istwa tretman radyasyon, chimyoterapi ak terapi òmòn

Èske ou te janm resevwa tretman ak radyasyon? ◯ Wi ◯ Non Si wi, lè?

Ki pati kò w/ki zòn sou kò w yo te trete?

Èske ou te janm resevwa chimyoterapi? ◯ Wi ◯ Non Si wi, lè?

Èske ou te janm resevwa terapi òmòn? ◯ Wi ◯ Non Si wi, lè?

Ki medikaman?

Maladi ou te deja genyen avan (make tout sa ki konsène ou)

◯ Dyagnostik Kansè Si wi, ki kalite kansè li ye?

◯ Maladi Kè / Maladi atè kowonè (Coronary Artery Disease, CAD)

◯ Anfisèm

◯ Dyabèt

◯ Kriz Kadyak

◯ Maladi poumon kwonik obstriktif (Chronic Obstrictive Pulmonary Disease, COPD)

◯ Maladi tiwoyid

◯ Ensifizans Kadyak

◯ Nemoni

◯ Maladi Ren

◯ Fibrilasyon Atriyal (Orikilè)

◯ Bwonchit Kwonik

◯ Maladi fwa

◯ Kolestewòl wo

◯ Opresyon

◯ VIH

◯ Tansyon wo

◯ Estwòk

◯ Anemi

◯ Lòt

Èske w gen yon antesedan nenpòt nan bagay sa yo? (Koche tout sa ki koresponn yo)

Kijan ou santi kò ou an jeneral

- ◯ Lafyèv/frison
- ◯ Fatig ki ogmante
- ◯ Swe lannuit
- ◯ Pèdi pwa San Rezon

Si wi, konbyen?

- ◯ Lè W ap Pran Pwa

Si wi, konbyen?

Wotè li gen kounye a

Wotè li gen kounye a

Zye/Zorèy/Nen/Gòj

- ◯ Katarat
- ◯ Glokòm
- ◯ Zye ki pa wè byen ankò
- ◯ Gen pwoblèm tande
- ◯ Pwoblèm sinizit
- ◯ Vwa anwe
- ◯ Fo dan

Kadyak

- ◯ Doulè nan lestomak oswa Doulè nan pwatrin
- ◯ Batman kè iregilyè

Poumon ou

- ◯ Tous ki pèsistan
- ◯ Touse san
- ◯ Souf Kout
- ◯ Pa kapab kouche plat
- ◯ Tès tibèkiloz pozitif

Vaksen kont grip ◯ Wi ◯ Non

Dat

Vaksen kont Nemoni ◯ Wi ◯ Non

Dat

Vaksen COVID-19 ◯ Wi ◯ Non

Dat

Pwoblèm rimatolojik (maladi jwenti, zo ak misk)

- ◯ Lipis Eritemate Sistemik
- ◯ Atrit Rimatoyid
- ◯ Atrit ak Osteyoatrit
- ◯ Maladi po di / Sendwòm CREST (Se yon maladi ki fè po ou vin di tankou kwi, epi ki ka afekte dwèt ou, gòj ou, ak venn ou anba po ou)
- ◯ Lagout
- ◯ Doulè nan zo
- ◯ Zo kase

Lis

Tèt ou ak lespri

- ◯ Anksyete
- ◯ Depresyon
- ◯ Sikoz
- ◯ Twoub bipolè

Sistèm dijestif (estoma ak entesten)

- ◯ Difikilte pou vale
- ◯ Apeti Diminye
- ◯ Vomi souvan
- ◯ Vant ki monte nan lestonmak (Hiatal Hernia)
- ◯ Lestomak k ap boule
- ◯ Grenn nan trip
- ◯ Poupou ki nwa tankou chabon
- ◯ Divètikiloz
- ◯ Anflamasyon nan gwo trip
- ◯ San nan poupou
- ◯ Dyare souvan
- ◯ Maladi kote trip ou toujou anfle epi li fè mal (tankou Kolit ilserè ak maladi Crohn)
- ◯ Konstipasyon
- ◯ Emowoyid / Kolonoskopi oswa Sigmoyidoskopi

◯ Wi ◯ Non

Dat

Pati entim ou ak fason ou pipi

- ◯ Difikilte pou Kòmanse Pipi
- ◯ Pipi an Kanpe epi Rekòmanse
- ◯ San nan pipi
- ◯ Doulè oswa boule lè w ap pipi
- ◯ Pipi Souvan
- ◯ Leve lannwit pou al pipi
- ◯ Ijans pou pipi
- ◯ Pipi k ap koule san ou pa vle
- ◯ Pyè nan ren
- ◯ Tès pwostat la moute
- ◯ Enfeksyon nan kanal pou pipi
- ◯ Difikilte pou w bande

Èske w seksyèlman aktif? ◯ Wi ◯ Non

Newolojik

- ◯ Souvan gen tèt fè mal
- ◯ Etoudisman/Sansasyon tèt vire
- ◯ Frison
- ◯ Paralizi
- ◯ Pèt sansasyon
- ◯ Polyo
- ◯ Feblès nan manm yo
- ◯ Kriz

Antesedan Operasyon Pase (Tanpri ekri ane a nan bwat la)

- ◯ Operasyon nan je
- ◯ Amigdalektomi
- ◯ Chiriji Tiwoyid
- ◯ Operasyon nan Poumon
- ◯ Operasyon tete
- ◯ Apenndisektomi
- ◯ Kolesistektomi
- ◯ Chiriji Èni
- ◯ Yon operasyon kote yo louvri kò bouch matris la epi yo grate/oswa netwaye andedan matris la (Dilation and Curettage, D & C)
- ◯ Operasyon Kè
- ◯ Operasyon pou fè yon lòt chemen pou san pase nan kè w
- ◯ Ranplasman/ Reparasyon Valv Kè
- ◯ Ti tib metal yo mete nan venn kè a (Coronary Artery Stent)
- ◯ Mete yon defibrilatè (yon ti aparèy ki bay kè a chòk si li sispann bat)
- ◯ Operasyon pou mete yon ti aparèy yo rele pesmekè pou kontwole jan kè a ap bat

Kalite/Modèl

- ◯ Operasyon nan gwo trip oswa nan pati dèyè
- ◯ Operasyon nan pòch pipi
- ◯ Chiriji Pwostat
- ◯ Operasyon pou wete matris oswa Operasyon Jinekolojik
- ◯ Ranplasman Atikilasyon
- ◯ Lòt

Antesedan Fi

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si ou se fanm.

Laj ou te genyen lè w te wè premye règ ou

Dènye peryòd règ

Laj Menopoz

Èske gen chans pou w ta ansent? Wi Non

Konbe fwa ou te ansent

Konbyen fwa ou akouche

Ki laj ou te genyen lè w te fè premye pitit ou a

Èske w te bay tete?

Èske w te janm pran òmòn (tankou estwojèn, grenn planin, andwojèn, ak lòt kalite remèd konsa)? Wi Non

Si se wi, pandan konbyen tan?

Tay bonèt soutyen an

Ekoulman nan Pwent Tete

San k ap sot nan Vajen

Dlo k ap soti nan vajen

Si w te janm gen maladi moun pran nan fè sèks Wi Non

Dat dènye PAP tès ou

Dat dènye mamogram ou

Antesedan Gason

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si ou se gason.

Kilè dènye fwa ou te fè egzamen san pou pwostat la

Ki chif ou te fè nan dènye tès san pou pwostat la

Kote

Si w te janm gen maladi moun pran nan fè sèks Wi Non

Doulè

Echèl pou mezire nivo doulè w



Kesyon sou jesyon doulè

Èske w gen doulè? Wi Non

Depi kilè ou kòmanse santi doulè a?

Kote doulè a ye

Kalite doulè a

- Doulè a brilan
- Doulè a fè m santi m fèb
- Konstant
- Iregilye
- Kranp
- Doulè
- Doulè a ap pwayade m

Depi konbyen tan ou gen doulè a?

Ki jan yo pran swen doulè w la kounya?

Gen yon bagay ki fè sitiyasyon an vin pi bon?

Gen yon bagay ki fè li agrave plis?

Antesedan familyal konsènan Kansè oswa maladi san

Papa

Si l vivan toujou, ki laj li

Si li mouri, ki laj li te genyen

Èske w te janm gen kansè?

Tip

Manman

Si l vivan toujou, ki laj li

Si li mouri, ki laj li te genyen

Èske w te janm gen kansè?

Tip

Frè ak Sè

Konbyen sè ou genyen?

Konbyen Frè ou genyen?

Èske w te janm gen kansè?

Tip

Pitit

Konbyen pitit fi ou genyen?

Konbyen pitit gason ou genyen?

Èske w te janm gen kansè?

Tip

Èske gen lòt moun nan fanmi w ki te konn gen kansè oswa maladi nan san, tankou granparan, matant, tonton, oswa kouzen, elatriye?

Wi Non Si wi, tanpri eksplike

Tanpri ekri non ak adrès doktè ou ta renmen nou voye tout lèt ak korespondans yo bay yo.

Non	Adrès	Telefòn

Èske w gen nenpòt nan bagay sa yo: (Tanpri, tcheke tout sa ki aplikab yo)

◯ Mandatè Swen Sante ◯ Pwokirasyon Medikal ◯ Testaman Lavi ◯ Pa Reyanime ◯ Kat Donasyon Ògan ◯ Pwokirasyon ◯ Direktiv Alavans

Planifikasyon Swen Alavans (Advance Care Planning, ACP) se yon pwosesis kontinyèl kote nou aprann sou diferan chwa nou genyen pou swen medikal nou nan lavni. Eske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou Planifikasyon Swen Alavans?

◯ Wi ◯ Non

Si ou reponn "wi" pou nenpòt nan kesyon ki anwo yo, tanpri ba nou yon kopi dokiman an.

Kòm pasyan, ou rekonèt ke lè ou fin ranpli fòm sa a, li reprezante rezime konplè istwa medikal ou.

Siyati Pasyan an	Dat
Siyati Enfimyè a	Dat
Siyati Doktè a	Dat

Kondisyon pou w jwenn sèvis nan men SunState Medical Specialists

Nan dokiman sa a, mo **"Pasyan"** an vle di moun k ap jwenn swen an. **"Reprezantan Pasyan"** se nenpòt moun k ap regle zafè pou yon pasyan epi k ap siyen papye yo nan plas li kòm reprezantan li. Lè nou sèvi ak mo tankou "mwen", "ou", oswa "pa w" nan dokiman sa a, sa ka vle di n ap pale ni pou pasyan an, ni pou moun k ap pale nan non li a (reprezantan li). Nan koze peye lajan, mo "mwen" an ka vle di tou moun ki bay garanti a (moun ki siyen pou l peye si pasyan an pa kapab).

Lè nou sèvi ak mo **"Founisè"** a, sa vle di klinik la nèt. Sa gen ladan l doktè yo ak tout moun k ap travay pou SunState Medical Specialists. Men yon lis moun sa ka gen ladan l, men li ka gen lòt ankò: Doktè ki trete kansè, doktè radyografi, doktè ki bay tretman radyasyon, asistan medikal, enfimyè espesyalize, travayè sosyal, espesyalis sante konpòtmantal, ansanm ak tout lòt pwofesyonèl lasante ki gen lisans pou travay pou kont yo, ak nenpòt moun oswa konpayi k ap travay nan non yo**.**

1. **Bay konsantman li pou tretman.** Mwen bay pèmisyon pou doktè mwen ban mwen tout swen ak tout tretman li wè ki nesesè pou mwen. Sa gen ladan l swen ijans, egzamen laboratwa, radyografi, Imajri, ak nenpòt lòt tès oswa tretman mwen ka bezwen. Mwen dakò tou pou doktè k ap aprann yo (rezidan) ak lòt estajyè gade oswa ede nan swen m ap resevwa yo, pou yo ka aprann travay la. Mwen dakò pou yo fè egzamen san pou mwen pou maladi tankou epatit, VIH, oswa SIDA, si doktè m mande sa oswa si se règleman klinik la. Mwen konprann tou ke ti malèz sa ka bay yo pa grav, tankou yon ti doulè ki p ap dire, pikòtman, yon ti san k ap koule, oswa yon ti doulè kote yo pike zegwi a. Rezilta egzamen m yo ap rete konfidansyèl nan dosye medikal mwen.

2. **Otorizasyon pou yo ba w swen pa mwayen telemedsin.** Mwen dakò pou yo sèvi ak telemedsin. Sa pèmèt doktè yo pataje enfòmasyon sou sante m pou yo ka jwenn sa m genyen, pou yo trete m, pou yo swiv jan m ap refè, oswa pou yo ban m konsèy sou sante m. Enfòmasyon mwen yo ka pataje ak lòt moun oswa òganizasyon si sa nesesè, men yo toujou oblije kenbe yo konfidansyèl jan lalwa mande sa. Mwen konprann gen risk, tankou pwoblèm ak aparèy yo oswa reta, epi yo pa ka garanti m rezilta yo. Mwen gen dwa di non oswa chanje lide m sou pèmisyon mwen te bay la nenpòt lè mwen vle. Sa p ap anpeche m jwenn swen m bezwen yo, ni sa p ap fè m pèdi okenn nan avantaj mwen yo.

3. **Akò Finansyè.** Mwen konnen klinik la ka mande asirans mwen peye pou sèvis mwen resevwa yo. Mwen menm (pasyan an oswa moun k ap garanti peman an), mwen dakò pou m peye rès kòb ki rete sou fakti a si asirans lan pa peye l nèt. Sa gen ladan l koasirans, franchiz yo, ak tout kòb ki rete paske asirans lan te rive nan limit li oswa li pa aksepte peye kèk kalite swen. Si m peye anplis, yo ka pran rès la pou peye lòt dèt mwen genyen anvan yo ranbouse m. Mwen ka mande yon papye fakti gratis ki montre detay sou chak ti kòb yo fè m peye. Pou pasyan ki gen asirans leta oswa kèk kalite asirans prive, kantite kòb ou gen pou w peye a ka chanje selon jan règleman plan asirans ou an mande sa.

4. **Fakti klinik la pa gen ladan l travay doktè oswa pwofesyonèl ki pa anplwaye isit la. Sa vle di, ou ka resevwa yon fakti separe pou moun sa yo.** Mwen konprann byen ke gen nan pwofesyonèl lasante k ap ban m swen nan klinik sa a ki pa anplwaye klinik la toutbon, men se moun k ap travay pou kont yo. Mwen konprann ke mwen pa ka wè ni egzamine pa tout doktè ak lòt pwofesyonèl sante ki ap travay nan swen mwen an; pou egzanp, mwen ka pa wè radyològ oswa patològ ki ap patisipe nan swen mwen an. Mwen konprann ke, nan pifò ka, pral gen yon frè separe pou sèvis pwofesyonèl ke founisè sa yo bay, epi mwen pral resevwa yon fakti pou sèvis pwofesyonèl sa yo ki diferan de fakti pou sèvis klinik la.

5. **Relasyon Legal ant Klinik la ak Doktè yo ak Pwofesyonèl Swen Avanse yo.** Doktè ak pwofesyonèl sante ki travay pou kont yo responsab pou sa yo fè. Klinik la pa responsab pou nenpòt aksyon yo fè oswa nenpòt bagay yo pa fè. Tout swen oswa tretman klinik la gen pou l ba ou, se nan men doktè ak lòt pwofesyonèl lasante yo responsablite a rete pou yo fè travay sa a.

6. **Atribisyon Avantaj.** Mwen bay asirans mwen pèmisyon pou li peye doktè a oswa klinik la dirèkteman pou tout sèvis mwen resevwa, san wete swen mwen jwenn si m ta gen yon ijans. Mwen konprann asirans mwen an ka vin anplis yon lòt asirans mwen deja genyen. Lefètke doktè a oswa klinik la aksepte kòb asirans sa a, sa pa anpeche l al chache rès kòb ki manke a nan men lòt asirans oswa lòt kote li sipoze jwenn li. Mwen dakò pou m ede moun k ap ba m swen yo touche peman yo nan men moun oswa asirans ki responsab la. Si sa nesesè, mwen ba yo pèmisyon pou yo aji nan non mwen pou yo ka jwenn kòb la. Si se mwen menm ki resevwa kòb pou swen mwen te jwenn yo, m ap remèt doktè a oswa klinik la li touswit. Mwen bay doktè a oswa klinik la dwa tou pou li mande asirans lan peye kòb li dwe a pou mwen. Li ka konteste desizyon asirans lan si yo pa vle peye ase, epi li ka menm sèvi ak lalwa si sa nesesè. Pou sa ka fèt, mwen ba li dwa pou li jwenn tout papye oswa enfòmasyon li bezwen nan men asirans lan oswa nan men lòt moun. Mwen bay otorizasyon nèt pou yo resevwa kòb la pou mwen, men sa pa wete dwa mwen genyen pou m mande asirans mwen peman si yo dwe m.

7. **Sètifikasyon pasyan Medicare ak otorizasyon pou resevwa benefis yo.** Mwen deklare ke tout enfòmasyon mwen bay pou mande peman dapre Tit XVIII (“Medicare”) oswa Tit XIX (“Medicaid”) nan Lwa Sekirite Sosyal la se verite. Mwen mande pou

yo peye benefis yo otorize pou mwen yo bay doktè a oswa klinik la dirèkteman, nan non mwen, atravè pwogram Medicare oswa Medicaid la.

8. **Pasyan Medicare ki pa Entène.** Medicare pa peye pou "medikaman w pran pou kont ou" oswa sa ou konn pran lakay ou pou tèt ou, eksepte gen kèk ti ka espesyal ki ra anpil. Si ou pran medikaman ou menm ou bay tèt ou, epi Medicare Pati B pa kouvri medikaman sa yo, nou ka voye yon fakti ba w pou medikaman an. Sepandan, si ou deja enskri nan yon Plan Medikaman Medicare Pati D, plan sa a ka kouvri medikaman sa yo selon sa ki ekri nan dokiman plan Medicare Pati D ou a. Si ou peye medikaman sa yo ou pran poukont ou, ou ka voye yon demann ranbousman bay Plan Medikaman Medicare Pati D ou a pou yo ka retounen lajan w petèt.

9. **Pèmisyon pou yo fè foto, pran videyo, oswa anrejistre vwa w.** Mwen konnen epi mwen dakò pou klinik la pran foto m, fè videyo mwen, oswa anrejistre vwa m, menm lè m ap pale nan telefòn ak yo. Yo ka fè sa pou sekirite, pou yo ban m pi bon swen, epi pou yo ka amelyore fason y ap travay la. Mwen konprann tout foto ak tout sa yo anrejistre yo se pou klinik la yo ye, se li ki mèt yo. Y ap sèvi ak foto oswa videyo kote moun ka rekonèt mwen sèlman jan lalwa pèmèt sa.

10. **Pèmisyon pou nou kontakte w pa telefòn, imèl, oswa mesaj tèks.** Mwen bay pèmisyon pou yo sèvi ak nenpòt imèl oswa nimewo telefòn mwen bay (menm si se pou yon moun nan fanmi m oswa yon moun k ap ede m ak dosye m). Kit se telefòn selilè oswa telefòn fiks, mwen dakò pou yo sèvi ak yo pou voye enfòmasyon ban mwen sou swen sante m ak sou kòb mwen gen pou m peye. Mwen bay pèmisyon nèt pou nou oswa moun k ap travay nan sèvis kliyan ak moun k ap reklame kòb rele m nan telefòn pou pale sou sèvis mwen te resevwa yo oswa sou kòb mwen dwe a. Nou ka rele m sou nenpòt nimewo mwen te ban nou, epi nou gen dwa sèvi ak machin ki rele moun otomatikman. Epitou, mwen dakò pou nou anrejistre apèl sa yo. Mwen deklare (si se pa mwen ki pasyan an) ke pasyan an ban m pèmisyon pou m resevwa apèl, mesaj tèks, oswa imèl nan plas li. Epitou, mwen konfime m ap ede pasyan an nan swen li oswa nan peye fakti li yo. Nou ka kontakte w ak mesaj vwa ki anrejistre deja oswa ak machin ki rele nimewo w otomatikman. Mwen deklare se mwen menm ki mèt kont tout nimewo telefòn yo mwen bay yo, epi se responsablite pa mwen pou m fè Founisè a konnen nenpòt chanjman oswa mizajou.

    Mwen konprann ke imel ak mesaj tèks yo pa sekirize, epi gen yon risk pou lòt moun nou pa te prevwa ka pran enfòmasyon ki ladan yo oswa resevwa yo pa erè, epi pou founisè sèvis yo oswa moun k ap jere sistèm yo ka estoke oswa kenbe yo anrejistre. Enfòmasyon ki ka parèt nan mesaj sa yo ka gen ladan yo non ou, dat ak lè randevou ou yo, non doktè a oswa espesyalite li, nimewo kont pasyan ou, oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò ak sa ou dwe peye oswa sèvis ou te resevwa. Frè mesaj ak done ka aplike. Frekans mesaj yo ka varye. Ou ka jwenn lòt règleman sou fason nou voye mesaj tèks sou sit entènèt klinik la, epi règleman sa yo ka chanje detanzantan. Si m vle sispann resevwa yon sèten kalite mesaj, mwen dwe voye yon nòt pa ekri bay SunState Medical Specialists. Sa pa vle di y ap sispann voye tout mesaj nèt; si m vle sispann lòt kalite mesaj yo tou, fòk mwen mande sa separe. Si w bezwen èd oswa si w gen nenpòt kesyon, kontakte SunState Medical Specialists nan Nimewo telefòn klinik la

11. **Itilize epi Pibliye Enfòmasyon.** Mwen bay doktè ak klinik yo pèmisyon pou yo sèvi ak enfòmasyon sou sante m epi pataje yo pou yo ka trete m, pou yo ka jwenn peman, pou lopital la ka fonksyone byen, pou pwoteje sante piblik, ak pou nenpòt lòt bagay lalwa pèmèt yo fè. Enfòmasyon ki kouvri pa konsantman sa a gen ladan yo, dosye istwa medikal ak egzamen fizik, dosye ijans, rezilta laboratwa, reklamasyon famasi ak istwa preskripsyon, nòt biwo doktè, nòt enfimyè, rezime sòti lopital, enfòmasyon jenetik, sikolojik, sikyatrik, andikap entelektyèl, ak pwoblèm ak dwòg oswa alkòl, ansanm ak enfòmasyon sou maladi kontajye tankou maladi ki pase nan san, tankou VIH ak SIDA. Konsantman sa a sèvi pou itilize epi pataje enfòmasyon mwen yo pou koòdone swen oswa jere dosye mwen; pou nenpòt moun oswa enstitisyon k ap peye nan non Pasyan an, tankou pou verifye si gen asirans; epi pou moun oswa sèvis patwon mwen chwazi a lè sèvis yo gen rapò ak yon dosye aksidan travay. Si mwen gen pwoteksyon asirans Medicare oswa Medicaid, mwen bay pèmisyon pou yo pataje enfòmasyon sante mwen ak Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa ajans leta ki konsène a pou yo ka peye reklamasyon an. Founisè yo patisipe, oswa yo ka patisipe, nan Echanj Enfòmasyon Sante (Health Information Exchanges, HIE) pou yo pataje enfòmasyon sou sante moun, jan lalwa otorize l. Sòf si mwen ekri bay Founisè a pou m di mwen pa vle sa ankò, mwen dakò pou yo pataje enfòmasyon sou sante mwen jan yo te esplike pi wo a.

12. **Lòt Rekonesans.**

- **Zam / Eksplozif / Dwòg.** Mwen konprann epi mwen dakò ke, si klinik la panse nenpòt lè gen zam, eksplozif, dwòg ilegal oswa nenpòt bwason ki gen alkòl sou mwen oswa nan zafè mwen, klinik la ka deside sispann relasyon ant klinik la ak mwen kòm pasyan.

Konfimasyon ou resevwa Avi sou Dwa ak Responsablite Pasyan yo. Yo te remet mwen yon Dokiman sou Dwa ak Responsabilite Pasyan ki garanti yo pral trete mwen ak respè ak diyite, san okenn diskriminasyon ni diferans, kèlkeswa laj mwen, sèks mwen, andikap mwen, ras mwen, koulè po mwen, zansèt mwen, sitwayènte mwen, relijyon mwen, si mwen ansent, oryantasyon seksyèl mwen, jan mwen idantifye tèt mwen oswa jan mwen eksprime sa, peyi mwen soti, eta sante mwen, sitiyasyon maryaj mwen, si mwen se ansyen militè, sous oswa kapasite mwen pou peye, oswa nenpòt lòt rezon lalwa federal, Eta a, oswa lokal entèdi. Mwen konprann ke mwen kapab bay founisè a yon dokiman desizyon davans, epi mwen kapab mande enfòmasyon sou fason pou prepare yon dokiman desizyon davans lè m ap enskri oswa nenpòt lè apre sa.

Konfime (mete inisyal ou)

Avi sou Pratik Konfidansyalite. Mwen rekonèt mwen te resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite klinik la, ki esplike kijan Founisè a ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante mwen. Mwen konprann enfòmasyon sa yo ka voye pa mwayen elektwonik pa Founisè a ak/oswa pa patnè biznis Founisè a. Mwen konprann mwen gen dwa kontakte Responsab Konfidansyalite klinik la ki gen non li sou nòt la, si mwen gen nenpòt kesyon oswa plent.

Konfime (mete inisyal ou)

Rekonesans: Yo te ban mwen opòtinite pou m li epi poze kesyon sou tout enfòmasyon ki nan fòm sa a, sitou sa ki gen rapò ak lajan mwen dwe peye yo ak fason yo pral resevwa lajan asirans lan. Mwen rekonèt swa mwen pa gen okenn kesyon, oswa si mwen te gen kesyon yo, yo deja reponn mwen jan mwen te vle a. Mwen rekonèt tou mwen siyen dokiman sa a de bon volonte, san pesonn pa fòse m, eksepte paske m pral resevwa sèvis nan men Founisè yo.

Konfime (mete inisyal ou)

Mwen menm ki siyen anba a, kòm Pasyan an oswa reprezantan Pasyan an, oswa, si se yon timoun/oswa yon moun ki pa gen kapasite, kòm gadyen legal li, mwen sètifye mwen li kondisyon sou sèvis doktè sa yo, mwen konprann yo, mwen siyen yo avèk tout konesans mwen, san fòse, san presyon, epi mwen dakò pou m respekte tout sa ki ladan yo. Mwen pa resevwa okenn pwomès, okenn garanti, ni okenn asirans sou rezilta okenn tretman oswa sèvis medikal. Si asirans lan pa kouvri ase, li refize peye, oswa li pa disponib ditou, moun ki siyen papye a dakò pou l peye tout lajan asirans lan pa peye yo.

Dat	Lè
Siyati Pasyan an / Siyati Reprezantan Pasyan an	Siyati temwen ak tit li:

Lòt siyati temwen ak tit li:
(obligatwa pou pasyan ki pa kapab siyen san reprezantan oswa pou pasyan ki refize siyen)

Lòt siyati ak tit

Si se pa ou ki Pasyan an, tanpri di ki relasyon ou gen ak Pasyan an. **(Make siy pou w montre relasyon ki koresponn lan nan lis ki pi ba a):**

◯ Mari oswa Madanm ◯ Paran ◯ Responsab Legal ◯ Pwokirasyon nan kesyon Swen Sante ◯ Garan ◯ Lòt (Tanpri presize) _____

Otorizasyon pou piblikasyon enfòmasyon

Seksyon A: Ou dwe ranpli seksyon sa pou tout Otorizasyon.

Non Pasyan an	Telefòn Pasyan an
Dat Nesans	4 Dènye Chif Nimewo Sekirite Sosyal la (pa obligatwa)

Nimewo telefòn moun k ap resevwa a	Vil	Eta	Kòd postal
Nimewo faks moun k ap resevwa a (sèlman pou biwo doktè oswa sant medikal)	Adrès imèl moun kap resevwa a		

Objektif Divilgasyon An ◯ Sou demann moun nan; oswa ◯ Lòt moun oswa enstitisyon k ap resevwa l (tanpri esplike poukisa): _____

Dat sèvis yo mande a	Non etablisman yo ak adrès yo

Fason ou vle resevwa l (Si w kite espas la vid, n ap ba w yon kopi sou papye) ◯ Kopi Papye ◯ Medya Elektwonik (Si disponib) ◯ Imèl Pwoteje ◯ Imèl ki pa Pwoteje

Gen yon sèten risk pou yon lòt moun wè enfòmasyon pèsonèl ou san pèmisyon w, lè w ap resevwa imèl oswa dokiman elektwonik ki pa pwoteje ak kòd sekirite. Nou pa responsab si yon moun ki pa gen pèmisyon rive wè Enfòmasyon Pwoteje sou Sante w (Protected Health Information, PHI) ki nan dokiman sa a. Ni nou pa responsab pou okenn pwoblèm (tankou yon viris) ki ta ka antre nan òdinatè w oswa nan aparèy ou an lè w ap resevwa enfòmasyon medikal sa yo sou fòm elektwonik oswa pa imèl.

Remak: Si sant lan pa kapab voye dokiman yo ba ou sou entènèt jan w te mande l la, y ap sèvi ak yon lòt mwayen pou yo fè w jwenn yo (tankou enprime yo sou papye pou ba ou).

Otorizasyon sa a ap fini apre 180 jou oswa nan youn nan ka sa yo (tanpri chwazi youn sèlman)	Ekspirasyon Dat	Ekspirasyon Evènman

Èske demann sa a fèt pou nòt sikoterapi? ◯ Non, ebyen ou kapab koche nenpòt valè atik ou vle anba a. ◯ Wi, ebyen sa a se sèl atik ou kapab mande pou otorizasyon sa a. Ou dwe prezante yon lòt otorizasyon pou lòt atik sa yo ki anba a.

Deskripsyon enfòmason y ap itilize oswa pataje a

◯ **Tout dosye ki enpòtan yo** gen ladan sa yo ki mansyone pi ba yo **plis lòt dosye**

◯ Konsiltasyon ◯ Rezime Egzeyat ◯ Rapò Sal Ijans (Emergency Room, ER) ◯ Rapò egzamen kè a (Electro-cardiogram, EKG) ◯ Antesedan ak egzamen fizik ◯ Rapò Klinik/ Laboratwa ◯ Enstriksyon pou Egzeyat ◯ Dosye tranche ak akouchman ◯ Tès oswa terapi espesyal

◯ Lis Medikaman ◯ Rapò Operasyon ◯ Rapò Patolojik ◯ Lis Pwoblèm ◯ Rapò radyoloji ◯ Nòt Sou Pwogrè ◯ Lòd doktè Lòt _____

Pou Demann Pou Lage Done Fondamantal Etazini pou Pataj Enfòmasyon Medikal (United States Core Data for Interoperability, USCDI): Pou mete tout eleman ki defini nan Done Fondamantal Etazini pou Pataj Enfòmasyon Medikal yo. Li mande pou w bay Adrès Dirèk la oswa Nimewo Idantifikasyon Founisè Swen an.

Tout kalite enfòmasyon ki nan dosye ou te chwazi yo ap ba ou yo (si sa aplikab), sa enkli enfòmasyon ki ka konsidere kòm sansib, tankou enfòmasyon sou alkòl, dwòg, enfòmasyon jenetik, enfòmasyon sikyatrik, tès VIH, oswa enfòmasyon sou SIDA. **Espesifye nenpòt enfòmasyon anba a ou vle retire:**

Mwen konprann sa:

1. Mwen ka refize siyen otorizasyon an epi sa estrikteman volontè.
2. Trètman, pèman, anrejsitreman oswa kalifikasyon mwen pou avantaj yo pa gen rapò ak si mwen siyen otorizasyon sa a ou pa.
3. Mwen kapab ekri pou mwen anile otorizasyon an nenpòt lè, men fòk mwen konnen, sa p ap anile okenn aksyon yo te gentan pran deja anvan lèt mwen an te rive jwenn yo. Ou kapab jwenn plis detay nan Avi sou Pratik Konfidansyalite a.
4. Si moun oswa enstitisyon k ap resevwa enfòmasyon sa yo pa yon asirans maladi oswa yon moun k ap bay swen sante, lwa leta ki la pou pwoteje vi prive w yo ka pa pwoteje done sa yo ankò, epi yo gendwa pataje yo ak lòt moun.
5. Mwen konprann mwen kapab wè epi resevwa yon kopi enfòmasyon yo dekri nan fòm sa a ak yon frè rezonab, si mwen mande sa.
6. M ap jwenn yon kopi fòm sa a apre m fin siyen l.

Seksyon B: Èske demann pou Enfòmasyon Pwoteje sou Sante (Protected Health Information, PHI) se pou rezon maketin, ak/oswa èske sa enplike vann enfòmasyon yo?

◯ Wi ◯ Non Si repons lan se wi, asirans lan oswa founisè swen an dwe ranpli Seksyon B a. Si se non, pase dwat nan Seksyon C a.

Èske Founisè a ap resevwa lajan kòm konpansasyon pou itilize oswa pataje enfòmasyon sa yo? ◯ Wi ◯ Non Si se wi, dekri li _____

Èske moun ki resevwa enfòmasyon medikal sa yo gen dwa vann yo oswa pataje yo ak lòt moun pou yo ka fè kòb? ◯ Wi ◯ Non

Seksyon C: Siyati

Mwen te li sa ki ekri pi wo a epi otorize divilgasyon enfòmasyon sante ki pwoteje jan nou te di sa.

Siyati Pasyan an/Reprezantan Pasyan an	Dat
Non Reprezantan Pasyan an an lèt detache	Relasyon avèk Pasyan an
	Moun ki verifye pyès idantite a (Inisyal)

Fòm pou Otorize Pataje Enfòmasyon Medikal ou ak Chwazi Fason pou nou Kontakte w dapre lwa ki la pou pwoteje konfidansyalite ak sekrè dosye medikal ou (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA)

An jeneral, lwa HIPAA bay chak moun dwa pou mande pou mete limit sou ki jan enfòmasyon pwoteje sou sante yo (PHI) ka itilize oswa pataje ak lòt moun. Moun nan gen dwa mande pou enfòmasyon pwoteje sou sante li a rete konfidansyèl, oswa pou yo voye enfòmasyon sa a pa yon lòt mwayen, oswa bay moun li otorize yo, tankou manm fanmi li.

Mwen vle yo kontakte m nan fason sa yo (Tcheke tout sa ki koresponn):

- ◯ **Telefòn Pòtab**
  - ◯ Kite mesaj ak enfòmasyon detaye
  - ◯ Kite mesaj sèlman ak enfòmasyon pou tounen rele w
- ◯ **Telefòn Travay la**
  - ◯ Kite mesaj ak enfòmasyon detaye
  - ◯ Kite mesaj sèlman ak enfòmasyon pou tounen rele w
- ◯ **Nimewo Telefòn Lakay**
  - ◯ Kite mesaj ak enfòmasyon detaye
  - ◯ Kite mesaj sèlman ak enfòmasyon pou tounen rele w
- ◯ **Kominikasyon pa ekri**
  - ◯ Voye pa lapòs nan adrès kay mwen ki nan dosye a
  - ◯ Poste dokiman yo nan adrès ki anba a:

Mwen menm, mwen bay pèmisyon pou youn oswa tout moun yo nonmen pi ba yo mande, pale sou, epi resevwa tout enfòmasyon sante ki pwoteje sou sante mwen ak tretman mwen. Enfòmasyon PHI sa a gen ladan enfòmasyon sou jan yo swen mwen, fakti mwen yo, tout peman yo, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki nan dosye medikal mwen. Mwen konprann yo dwe verifye idantite moun yo chwazi a anvan yo lage enfòmasyon pwoteje sou sante mwen.

Non	Relasyon w ak moun nan	Telefòn
Non	Relasyon w ak moun nan	Telefòn
Non	Relasyon w ak moun nan	Telefòn
Non	Relasyon w ak moun nan	Telefòn

Otorizasyon sa a ap rete valab apati dat ki siyen anba a jouk yo anile li.
Ou gen dwa anile otorizasyon sa a, men ou dwe fè li alekri.

- Mwen konprann mwen gen dwa anile otorizasyon sa a, nenpòt kilè, si mwen fè sa alekri.
- Mwen konprann, depi enfòmasyon an bay youn nan moun yo otorize pi wo a, li p ap pwoteje ankò pa lwa federal oswa lwa eta, epi moun ki mansyone pi wo a ka pataje l ankò ak lòt moun.

Non Pasyan an/Reprezantan legal la An Lèt Detache	
Siyati Pasyan an/Reprezantan legal la	Dat

Zòn mache Konte Lee ak Konte Collier, Eta Florid

Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab 2010 la. Deklarasyon pasyan pou egzamen MRI, PET, oswa CT.

Chè Pasyan,

Si doktè w la deside li nesesè pou li voye w fè egzamen MRI, PET, oswa CT kòm yon pati nan egzamen ak tretman w, nou ka fè egzamen sa yo disponib nan youn nan sant nou yo. N ap ba ou enfòmasyon sou opsyon sa yo.

Ou menm, sepandan, ou gen libète pou chwazi founisè sèvis sa a. Pou pi byen konnen nou, men founisè sa yo ki bay sèvis sa yo nan zòn nan:

Non: Radiology Regional Centers
(Sant Rejyonal pou Radyoloji)
Adrès: 6100 Winkler Road, Fort Myers, FL 33919
Telefòn: (239) 936-4068

Non: Advanced Radiology Imaging Associates
(Asosyasyon Avanse Imaj Radyoloji)
Adrès: 2721 Del Prado Blvd., Ste 110, Cape Coral, FL 33904
Telefòn: (239) 454-2742

Non: Florida Radiology Consultants
(Espesyalis Radyoloji Florida)
Adrès: 8791 Conference Drive, Fort Myers, FL 33919
Telefòn: (239) 331-5566

Non: Naples Diagnostic Imaging Center
(Sant Imaj Medikal Naples)
Adrès: 311 North Tamiami Trail, Ste 104, Naples, FL 34102
Telefòn: (239) 624-4443

Non: Radiology Regional Centers
(Sant Rejyonal pou Radyoloji)
Adrès: 700 Goodlette Road, Naples, FL 34102
Telefòn: (239) 936-4068

Non: SimonMed Imaging
(Klinik Imaj Medikal SimonMed)
Adrès: 730 Goodlette Road, Naples, FL 34102
Telefòn: (239) 307-0234

Non: ProScan Open MRI & CT
(Yon sant kote yo fè egzamen MRI ak CT)
Adrès: 260 Tamiami Trail N, Naples, FL 34102
Telefòn: (239) 261-1227